Tadqiqot.uz

# YANGI O'ZBEKISTON: INNOVATSIYA, FAN VA TA'LIM

CONFERENCES.UZ

2023

DAVRIYLIGI: 2018-2023

DUNYODA BIRINCHI KASHF ETILGAN SAMOLYOT




ANJUMAN | КОНФЕРЕНЦИЯ | CONFERENCES | RESPUBLIKA KO'P TARMOQLI ILMIY KONFERENSIYA

O'ZBEKISTON RESPUBLIKASI VA XORIJIY OLIY TA'LIM MUASSASALARI PROFESSOR-O'QITUVCHILARI, YOSH OLIMLAR, DOKTORANTLAR, MAGISTRANTLAR VA IQTIDORLI TALABALAR

TOSHKENT SHAHAR, AMIR TEMUR KO'CHASI, PR.1, 2-UY.

+998 97 420 88 81
+998 94 404 00 00

WWW.TAQIQOT.UZ
WWW.CONFERENCES.UZ

APREL №51

# ЯНГИ ЎЗБЕКИСТОН: ИННОВАЦИЯ, ФАН ВА ТАЪЛИМ 3-ҚИСМ

# НОВЫЙ УЗБЕКИСТАН: ИННОВАЦИИ, НАУКА И ОБРАЗОВАНИЕ ЧАСТЬ-3

# NEW UZBEKISTAN: INNOVATION, SCIENCE AND EDUCATION PART-3

ТОШКЕНТ-2023

**УУК 001 (062)**
**КБК 72я43**

**“Янги Ўзбекистон: Инновация, фан ва таълим” [Тошкент; 2023]**

**“Янги Ўзбекистон: Инновация, фан ва таълим”** мавзусидаги республика 51-кўп тармоқли илмий масофавий онлайн конференция материаллари тўплами, 30 апрель 2023 йил. - Тошкент: «Tadqiqot», 2023. - 10 б.

Ушбу Республика-илмий онлайн даврий анжуманлар «Ҳаракатлар стратегиясидан – Тараққиёт стратегияси сари» тамойилига асосан ишлаб чиқилган еттита устувор йўналишдан иборат 2022 – 2026 йилларга мўлжалланган Янги Ўзбекистоннинг тараққиёт стратегияси мувофиқ:– илмий изланиш ютуқларини амалиётга жорий этиш йўли билан фан соҳаларини ривожлантиришга бағишланган.

Ушбу Республика илмий анжуманлари таълим соҳасида меҳнат қилиб келаётган профессор - ўқитувчи ва талаба-ўқувчилар томонидан тайёрланган илмий тезислар киритилган бўлиб, унда таълим тизимида илғор замонавий ютуқлар, натижалар, муаммолар, ечимини кутаётган вазифалар ва илм-фан тараққиётининг истиқболдаги режалари таҳтил қилинган конференцияси.

**Масъул муҳаррир:** Файзиев Шохруд Фармонович, ю.ф.д., доцент.

**1.Ҳуқуқий тадқиқотлар йўналиши**
Профессор в.б.,ю.ф.н. Юсувалиева Рахима (Жахон иқтисодиёти ва дипломатия университети)

**2.Фалсафа ва ҳаёт соҳасидаги қарашлар**
Доцент Норматова Дилдора Эсоналиевна(Фарғона давлат университети)

**3.Тарих саҳифаларидаги изланишлар**
Исмаилов Ҳусанбой Маҳаммадқосим ўғли (Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси ҳузуридаги Таълим сифатини назорат қилиш давлат инспекцияси)

**4.Социология ва политологиянинг жамиятимизда тутган ўрни**
Доцент Уринбоев Хошимжон Бунатович (Наманган мухандислик-қурилиш институти)

**5.Давлат бошқаруви**
Доцент Шакирова Шохида Юсуповна «Тараққиёт стратегияси» маркази муҳаррири

**6.Журналистика**
Тошбоева Барнохон Одилжоновна(Андижон давлат университети)

**7.Филология фанларини ривожлантириш йўлидаги тадқиқотлар**
Самигова Умида Хамидуллаевна (Тошкент вилоят халқ таълими ходимларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш ҳудудий маркази)

**8.Адабиёт**
PhD Абдумажидова Дилдора Рахматуллаевна (Тошкент Молия институти)

**9.Иқтисодиётда инновацияларнинг тутган ўрни**
Phd Вохидова Мехри Хасанова (Тошкент давлат шарқшунослик институти)

**10.Педагогика ва психология соҳаларидаги инновациялар**
Турсунназарова Эльвира Тахировна Низомий номидаги Тошкент давлат педагогика университети Хорижий тиллар факультети ўқув ишлари бўйича декан ўринбосари

**11.Жисмоний тарбия ва спорт**
Усмонова Дилфузахон Иброхимовна (Жисмоний тарбия ва спорт университети)

**12.Маданият ва санъат соҳаларини ривожлантириш**
Тоштемиров Отабек Абидович (Фарғона политехника институти)

**13.Архитектура ва дизайн йўналиши ривожланиши**
Бобохонов Олтибой Рахмонович (Сурхандарё вилояти техника филиали)

**14.Тасвирий санъат ва дизайн**
Доцент Чариев Турсун Хуваевич (Ўзбекистон давлат консерваторияси)

**15.Мусиқа ва ҳаёт**
Доцент Чариев Турсун Хуваевич (Ўзбекистон давлат консерваторияси)

**16.Техника ва технология соҳасидаги инновациялар**
Доцент Нормирзаев Абдуқаюм Раҳимбердиевич (Наманган мухандислик-қурилиш институти)

**17.Физика-математика фанлари ютуқлари**
Доцент Сохадалиев Абдурашид Мамадалиевич (Наманган мухандислик-технология институти)

**18.Биомедицина ва амалиёт соҳасидаги илмий изланишлар**
Т.ф.д., доцент Маматова Нодира Мухтаровна (Тошкент давлат стоматология институти)

**19.Фармацевтика**
Жалилов Фазлиддин Содиқович, DSc, Тошкент фармацевтика институти, Фармацевтик ишлаб чиқаришни ташкил қилиш ва сифат менежменти кафедраси профессори

**20.Ветеринария**
Жалилов Фазлиддин Содиқович, DSc, Тошкент фармацевтика институти, Фармацевтик ишлаб чиқаришни ташкил қилиш ва сифат менежменти кафедраси профессори

**21.Кимё фанлари ютуқлари**
Рахмонова Доно Қаххоровна (Навоий вилояти табиий фанлар методисти)

**22.Биология ва экология соҳасидаги инновациялар**
Йўлдошев Лазиз Толибович (Бухоро давлат университети)

**23.Агропроцессинг ривожланиш йўналишлари**
Проф. Хамидов Мухаммадхон Ҳамидович «ТИИМСХ»

**24.Геология-минерология соҳасидаги инновациялар**
Phd доцент Қаххоров Ўктам Абдурахимович (Тошкент ирригация ва қишлоқ хўжалигини механизациялаш мухандислари институти)

**25.География**
Йўлдошев Лазиз Толибович (Бухоро давлат университети)

***Тўпламга киритилган тезислардаги маълумотларнинг хаққонийлиги ва иқтибосларнинг тўғрилигига муаллифлар масъулдир.***

**© Муаллифлар жамоаси**
**© Tadqiqot.uz**

**PageMaker\Верстка\Саҳифаловчи:** Шахрам Файзиев

**Контакт редакций научных журналов.** tadqiqot.uz
ООО Tadqiqot, город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000

## ТАРИХ САҲИФАЛАРИДАГИ ИЗЛАНИШЛАР

**1. Mawlenov Imamaddin Muxammetdinovish**
KÓSHPELI XALÍQ- NOǴAYLARDÍŃ ESKI DÁWIRDEGI DÁSTÚRIY XOJALÍǴÍ HÁM AWÍLLARÍ ......7

## ТАРИХ САҲИФАЛАРИДАГИ ИЗЛАНИШЛАР

### KÓSHPELI XALÍQ- NOǴAYLARDÍŃ ESKI DÁWIRDEGI DÁSTÚRIY XOJALÍǴÍ HÁM AWÍLLARÍ

**Mawlenov Imamaddin Muxammetdinovish,**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti 2-kurs magistranti
Telefon:+998995664022
isokmawlenov@gmail.com

**ANNOTACIYA:** Házirgi kúnde milletler ara tatiwliq, tuwisqan xaliqlar arasındaǵı mádeniy qatnasıqlar hám baylanislar haqqında tereńirek úyreniw. Bul maqala mámleketshiligimizde turizim tarawin rawajlandiriwda qońsı etnomádeniyatlardı úyreniw.
**Gilit sózler:** Kibitok, awıl, qislaw, awil aqsaqalı, jazǵı jaylaw, qora, tamǵa.

Noǵay xalqına kirip ketken qáwimlerdiń jasaw mákánı sharwalardıń jeri bolıp esaplanadı. Olar kóbinese iri bas mal – jabayı at, túye, kiyik hám taǵı basqa haywanlardı uslaǵan. Noǵaylardıń xojalıǵına bir tárepleme xarakteristika beriw júdá qıyın, sebebi olardıń ata-babaları Qubla Sibir, Orta Aziya, Qazaqstan, tómengi Volga hám Don, Arqa Kavkaz, Qara teńiz boylarında jasaǵan. Sonlıqtan olardıń xojalıǵı ózine hár túrli mádeniyatı ózlestirip alǵan. Olar diyxanshılıq penen sharwashılıqtı biriktirgen, sebebi kóshpeshilik hesh qashanda taza túrde bolmaǵan.[1]

V.M.Jirmunskiydiń pikirinshe, noǵaylılar kóshpeli ózbekler hám qazaqlardıń tariyxı menen tıǵız baylanıslı.[2] Noǵay xalqı Dunaydan Írtıshqa shekem keń aymaqta kóship jaylasqanı ushın da olardıń xojalıǵı bir tariyxıy etapta (Altın Orda, Noǵay xanlıǵı) qáliplesip hár-túrli lokal qásiytlerge iye bolǵan,sebebi noǵaylar túrli klimatikalıq-geografiyalıq jerlerde jaylasıp qońsı xalıqlardıń mádeniyatı menen tıǵız baylanısıp ketken. Eger noǵaylardıń quramına hár túrli aldınnan jasaǵan qáwim hám xalıqlardı esapqa alatuǵın bolsaq olardıń quramalı ekenligin bilemiz hám ádette orta ásirlerde payda bolǵan iri noǵaylılardı Qara-teńizlik, Azovlıq, tómengi Volgalıq, Kaspiylik, Kubanlıq, qumıq-noǵaylıları degen etnik toparlarǵa bólemiz hám olardıń xojalıǵında ayırmashılıq bolıwı tábiyiy.[3]

Ulıwma aytqanda noǵaylardıń eń jetekshi xojalıǵı shárwashılıq bolǵan. Olardıń sharwashılıǵı úsh tipke bólingen – kóshpeli, yarım kóshpeli hám otırıqlı bolǵan Koshpeli sharwashılıq sheklengen jaylaw jerlerge kóshiwden ibarat bolıp, mal jazda adanlıqqa ketip, qısta arnawlı jıllı jerge qaytıp kelgen. Xalıq  bolsa soǵan iykemlesken. Bunday kóshpeli sharwashılıqta diyxanshılıqqa orın bolmaǵan. Jaylawshılıq meridianlıq baǵdarda bolǵan. Máselen «Kaspiy teńizi boyında qıslap, jazda Volga hám Lika arqalı Kama hám Kazannıń átirapına shekem kóterilgen» .[4]

Nebolsinniń jazıwına qaraǵanda, jaylawdıń basında jılqılar, keyinen iri mallar, onıń izinen qoy-eshkiler júrgen. Jaylawdın izinde shopan ata yamasa jaylawi menen júrgen.[5] Noǵaylardıń yarım kóshpeli xojalıq túri – qaraqalpaq hám kóshpeli ózbeklerge uqsap, qısqı stacionar úydiń barlıǵı menen tiykarlanadı. Bunday xojalıq Arqa Kavkaz jerlerindegi noǵaylarda keń tarqalǵan. Tariyxıy maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda ol noǵaylar úy haywanlarınan – tawıq, eshki, sıyır, qoyan hám h.t.b. uslap, malların toǵayga jiberip otırǵan.[6]  Kuban, kishi hám úlken Zelenechuki, Urup, Laba dáryalarında jasaytuǵın Kuban noǵaylarında vertikal túrdegi jaylaw ya kóshiw bolǵanı málim. Qıslawdan soń yarım kóshpeliler ózleriniń malların jazlawǵa tawǵa shıǵarǵan .[7]

XIX ásirge kelip, ásirese XX ásirde derlik barlıq noǵaylılar otırıqshı ómir tárizine ótkenligin ilimpazlar atap ótedi, sebebi kóshpeli mámleketler ıdıraydı hám xalıqlar óz otırǵan jerlerinde qaladı. Onıń ústine diyxanshılıq xojalıǵı rawajlana baslaydı. Oǵan qaramastan noǵaylılarda shárwashılıq jetekshi xojalıq bolıp qalaberedi.

Noǵaylardıń shárwashılıq mádeniyatında jılqınıń ornı júdá úlken bolǵan. Olar jılqıdan keń paydalanǵan. At basqarǵan adamdı jılqıshı degen, ol atı erge baylaǵan, attı arba menen aydaǵan waqıtta qolında uzın shıbıqtı alıp basqarǵan. Noǵaylılarda attıń balasın tay dep aytqan. Jánede

noǵay jılqıshıları atqa tamǵa qoyǵan, ol adamdı tamǵashı degen, ol at er jetip shabıwǵa shıqpastan aldın oǵan belgi kuydirilgen temir menen atınıń terine basqan.[8] Noǵaylılarda sawda-satıq aldın natural túrde bolǵan, olar at hám qoy satıp, orınına Orta Aziya ya Sibirden kelgen kiyim, ıdıs, dán hám basqa tovarlardı alǵan. Álbette qoy, sıyır, túye, jılqı júninen hár túrli júnli gezlemeler, kiyiz, kiyimler tigilgen. Jánede maldan kóplegen sútli ishimlikler islegen.

Jánede dıqqatımızdı tartatın termin «alasa», noǵay tilinde «merin» deydi. Alasa degen sóz ózgertirilgen varianta «alasha», «alcha» adıg, abazin, osetin, chechen, ingushlarda ushırasadı. Sol menen birgelikte termin «alasa» bashqırlar, qırǵızlar, qaraqalpaqlarda da ushıraydı,bul sóz túrkiy hám onı Kavkaz alıp kelgen noǵaylar bolıwı múmkin.[9] Olar qolay jerlerde jaylasqan, dárya boyları, joqarıda aytılǵanday ótmishte úlken aymaqta Kavkaz, Qara teńiz, Volga dalalarında tarqalıp XX ásir basına shekem kóship júrgen.

XVI-XVII ásirlerdegi Noǵaylardıń jaylasıw tártibin hám turaq jayları haqqında kóplegen shet ellik hám rus sayaxatshıları jazıp qaldırǵan. Sol maǵlıwmatlarǵa tiykarlanıp otırıp noǵaylılar orda hám ulıs dep atalatugın qáwimler awqamınan ibarat bolıp kóship júrgen. Olardıń basında mırzalar bolıp olardıń kóbisi hátteki hámme waqıt qıslaytuǵın úyide bolmaǵan.[10]

XVIII ásir bir qansha noǵaylılardıń otırıqshı ómirge ótiwi menen ordanıń kishi toparlarǵa tarqalıwı nátiyjesinde awıl termini payda bolıp, sol jerelerde jaylasıp baslaydı. Máselen, M.Peysopeldiń jazıwına qaraǵan noǵaylılar kibitok bolıp bólingen «hár bir orda da bir qansha qawimler bolıp bólingen, qáwim awıl bolıp bir qansha jaylasıw kibitoklardan ibarat bolǵan. Hár bir qáwimniń jeri shegara menen belgilengen bir ordanıń ishine kirgen. Hár bir qáwim óziniń aymaǵında kóship júredi hám hár dayım qısqı uyine iye».[11]

Solay etip tiykarǵı jaylasıw ornı awıl bolıp, basta ol termin otırıw degendi ańlatıp, keyinala administrativlik birliktiń atı bolıp ketken. Bunnan tısqarı Otrar degen jaylasıwda bolǵan, olar mangol awılına uqsap bir jasaytuǵın dalanlıqqa uqsaǵan. Otrarda ádette baylar jasaǵan, bir otrar ishinde tam, qora bolǵan hám ol jerde qıslaǵan. Olar awıldıń bir shetinde bolıp awqam menen birge bir kompaziciyanı quraǵan.

Bir awıllar aǵayinlerden ibarat bolǵan bolsa, ekinshileri aymaqlıq-tuqımlıq  dep atalǵan, ol jerde urıwlaslar jasaǵan. Máselen, Malyavkiniń jazıwına qaraǵanda, «noǵaylılarda urıwlas qatnasıqları kúshli, qara noǵaylılar bir urıwǵa tiyis úlken awıllar menen jaylasqan hám bir nókerdiń yamasa ata-babasınıń atı menen atalǵan».

Solay etip noǵaylılar XIX ásir aqırına shekem kóshpeli ómir súrgen. Báhárdiń ózinde óz awılında qıslap bolıp, uzaq jerlerge tawlarǵa, dalalarǵa, jaylawlarǵa, toǵaylarǵa maldı óriske shıǵarǵan. Olardıń  jaylawları Terek, Sulak, Zelenchuk, Kuban, Kuma dáryaları hám Kaspiy teńizi menen baylanıslı bolǵan, jánede Astraxan, Kuban dalalarında «ózleriniń túye arbalarında jayları menen qatın bala-shaǵaları menen koship júredi» dep jazadı sayaxatshılar.[12] Solay etip, awıllar qıslaw hám jazlaw ǵa bólingen, qıslaw hám jazlaw orınları jem beriw bazasına ǵárezli túrde ornalasqan. Birinshi taza jerge jaslardı jiberip suw ushın qudıq qazǵan, keyin izinen hámme kóship kelgen. R.Erkertiń jazıwınsha, «noǵaylılar jaylasıwın aǵashtan salınǵan waqtınsha úylerde kiyiz benen jawıp, onıń qasına qoralardı islep ústin qamıs penen bastırıp, ishinde mal saqlaǵan qıslaw jayları bar bolǵan. Jánede onıń átirapın mayda shaqalardan islengen diywal menen qorshaǵan. Qorshalǵan dalanlıqqa mallardı jaylawdan ákelip qamaǵan» . Uliwm aytqanda bul xaliq yarim kóshpeli turmis tarinde jasaǵan bolip xojalıǵi hám adminstrativlik birligi bizler júdá jaqın esaplanadı.

**Payadalanilǵan ádebiyatlar dizimi**

1. Марков Г.Е. Кочевники Азии, М., 1976. С. 9.
2  Жирмунский В.М. Тюркский эпос. Л., 1974. С. 411
3 Керейтов Р.Х. Эволюция этнической истории ногайцев и их этнокультурные связи с тюркскими народностями северного Кавказа // Вопросы советской тюркологии: материалы IV Всесоюзной тюркологической конференции. – Ашхабат, 1988. С. 101
4  Жирмунский В.М. Тюркский эпос. Л., 1974. С. 416
5  Небольсин П.И. Запсики о кундровских татарах. ВИРГО, Спб., 1852. С. 90
6  Небольсин П.И. Запсики о кундровских татарах. ВИРГО, Спб., С. 102.
7  Калоев Б.А. Скотоводство народов северного Кавказа. М.: Наука. 1993. С. 39
8  https://uchebnikfree.com/etnografiya-etnologiya-uchebnik/(қараған ўақыт 27.12.2022)
9  https://uchebnikfree.com/etnografiya-etnologiya-uchebnik/(қараған ўақыт 27.12.2022)

10 Гаджиева С.Ш. Материальная культура ногайцев в XIX- начале XX. М.: Наука. 1976. С. 22

11 Пейсонель М. Исследование торговли на черкесско-абхазском берегу Черного моря 1750-1762 гг. (в изложении Е.Л.Фелицина). Краснодар, 1927. С. 13-14

12 Дженкинсон А. Путешествие в Среднюю Азию в 1558-1560 гг. «Английские путешествиники в Московском государстве». Л., 1937, С. 169.

# ЯНГИ ЎЗБЕКИСТОН: ИННОВАЦИЯ, ФАН ВА ТАЪЛИМ 3-ҚИСМ

**Масъул муҳаррир:** Файзиев Шохруд Фармонович
**Мусаҳҳиҳ:** Файзиев Фаррух Фармонович
**Саҳифаловчи:** Шахрам Файзиев

Эълон қилиш муддати: 30.04.2023

**Контакт редакций научных журналов.** tadqiqot.uz
ООО Tadqiqot, город Ташкент,
улица Амира Темура пр.1, дом-2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Тел: (+998-94) 404-0000

**Editorial staff of the journals of tadqiqot.uz**
Tadqiqot LLC The city of Tashkent,
Amir Temur Street pr.1, House 2.
Web: http://www.tadqiqot.uz/; Email: info@tadqiqot.uz
Phone: (+998-94) 404-0000